ФИфI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭХЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№196 (23.354) ● 2016 гъэм жэпуэгъуэм (октябрым) и 8, щэбэт ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

УФ-м и Президентым и полномочнэ лIыкIуэу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым щыIэ Белавенцев Олегрэ КIуэкIуэ Юрийрэ Налшык щызэхуэзащ

КъБР-м и Правительствэм и Унэм иджыблагъэ щызэхуэзащ Урысей Федерацэм и Президентым и полномочнэ лIыкIуэу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым щыIэ Белавенцев О. Е., Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Ю. А. сымэ.

ЗЭIУЩIЭМ щытепсэлъыхьащ республикэм и социально-экономикэ зыужьынигъэм пыщIа Iуэхухэм. Гупсыс ящ егъэджэныгъэм, узыншагъэр хъумэным, псэупIэхэр ухуэным, нэгъуэщI Iэхуэхэми яхуэзгъэзауэ УФ-м и Президентым къыдигъэкIа «накъыгъэ» указхэр гъэзэщIэным. Белавенцев Олег къыхигъэщхьэхукIащ, республикэм и промышленностымрэ мэхъумэш хозяйствэмрэ ехьулIныгъэ нэрылъагъуэхэр зэраIэр.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ Iапль.

КIуэкIуэ Юрий Володин Вячеслав УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм и Унафэщ Iу зэрыхахамкIэ ехъуэхъуащ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и телеграммэм итщ: «ПщIэ зыхуэсщI Вячеслав Виктор и къуэ! Си гуапэу сынохъуэхъу Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм и УнафэщIу уэзрыхахамкIэ. Щэч лъэпкъ хэлъхьым къэрал лэжьыгъэмрэ законхэр гъэхьэзырынымрэ уэзрыхуэIэкIуэпльакIуэм, зэфIэкIышхуэ зыхэлъ цIыхуу уэзрыщытым къыхэкIыу къэралым и Парламентым и ищхъэрэ палатэм и спикерым и къалэнхэр екIуу зэрыбгъэзэщIэнэм.

Насып, ефIэкIуэныгъэ уиIэну, уи лэжьыгъэ мытыншым икIи жэуапльныгъэ зыпльльым уехъулIэну сынохъуэхъу».

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ Iапль.

Къэбэрдей-Балъкъэрыр яхэткъым узыгъэпIейтей щытыкIэ здэщыIэ щIыналъэхэм

КIуэкIуэ Ю. А. хуэзащ Урысей Федерацэм и Президентым и деж Граждан жылагъуэм зегъэужьынымрэ цIыхум и хуитыныгъэхэмкIэ щыIэ советым хэт Брод А. С.

КIуэкIуэ Юрий КъБР-м и Правительствэм и Унэм дыгъуасэ щыхуэзащ Урысейм и Президентым и деж Граждан жылагъуэм зегъэужьынымрэ цIыхум и хуитыныгъэхэмкIэ щыIэ советым хэт Брод Александр.

ЗэIущIэм щытепсэлъыхьащ гъэзэщIакIуэ властым и органхэмрэ Правительствэм пымыщIа организацэхэмрэ республикэм и щIыналъэм зэрыщызэдалажьэм зегъэужьыным. Урысей Федерацэм и Къэрал Думэмрэ щIыпIэ унафэр зезыгъакIуэ органхэмра я депутатхэр хэхыным зыщыхуагъэхьэзыра зэманымрэ а хэхыныгъэм и екIуэкIыкIамрэ я гугъу щищIым хьэщIэм къыхигъэщхьэхукIащ: «ХэхакIуэ комиссэ нэхъыщхьэмрэ «Граждан кIэлъыплъныгъэ» организацэмрэ республикэм Iэ зэрыщалэтам дагъуэ лъэпкъ хуащIакъым. Парт псоми я дежкIэ зыхуеину Iэмалхэр къызэрагъэпэщащ. Сэ а зэманым къриубыдэу къэралым и субъекту 30 къызэрэскIуэхьащи, къэзгъэлъэгъуэну сыхуейщ Къэбэрдей-Балъкъэрыр узыгъэпIейтей щытыкIэ здэщыIэ щIыналъэхэм зэращымыщIыр.

КIуэкIуэ Юрий хэхауэ жиIащ граждан жылагъуэ Iуэхущ Iапль эхэм зегъэужьыным Брод Александр къарушхуэ зэрырихьэлIэр икIи къыхигъэщхьэхукIащ граждан жэрдэмхэр дэгъэкIыным адэкIи зэщIыгъуу елэжьыпхъэу къызэрилъытэр.

Брод А. С. КъБР-м и Жылагъуэ палатэм и унафэщI зыбжанэм, апхуэдэу ЦIыхум и хуитыныгъэхэмкIэ уполномоченнэу республикэм щыIэм яхуэзэну и мурадщ.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ Iапль.

УФ-м и Президентым и полномочнэ лIыкIуэу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым щыIэмрэ КъБР-м и Iэтащхьэмрэ хэтащ Урыс географие зэгухьэныгъэм псыщIагъ къэхутэныгъэхэмкIэ и центрым и экспедицэм

УФ-м и Президентым и полномочнэ лIыкIуэу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым щыIэмрэ (ар Урысейм и Ищхъэрэ флотым и вице-адмиралщ) КъБР-м и Iэтащхьэмрэ хэтащ Урыс географие зэгухьэныгъэм псыщIагъ къэхутэныгъэхэмкIэ и центрым, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыщ Шэрэдж щIыналъэм хиубыдэ Гуэл щхьуантIэм иужьрей зэманым щIэныгъэ къэхутэныгъэхэр жыджэру щезыгъэкIуэкIым, къызэригъэпэща экспедицэм.

БЕЛАВЕНЦЕВ Олегрэ КIуэкIуэ Юрийрэ «Си-Эксплорер» аппаратым ису гуэлым метр 213-кIэ ехащ икIи псыщIагъым зы сыхьэтым нэблагъэкIэ щIэтащ. «Дэ гъэщIэгъуэн кьыщыкхьуа Iуэхухэр тльэгъуащ. Урыс географие зэгухьэныгъэм ещанэрей экспедицэ ирегъэкIуэкI, тэмэму къызэригъэпэщ лэжьыгъэм щIэныгъэлI ныбжьыщIэхэр кьыхешэ икIи ар икъукIэ тэмэмщ», - жиIащ полномочнэ лIыкIуэм.

КIуэкIуэ Ю. А. Урыс географие зэгухьэныгъэм и унафэщIхэм, экспедицэр кьызэзэщIагъэпэщахэм фыщIэ яхуищIащ республикэм и щIыпIэ нэхъ хьэлэмэт дыдэхэм ящыщым щыпэжьну къызэрыхахам папщIэ. «Ди къэралым и щIыпIэ нэхъ хьэлэмэтхэм щIыхуэр щыгъуазэ щыным мыхьэнэшхуэ иIэщ. Ар щIэныгъэми туризмэми зегъэужьынымкIэ сэбэп хъуну си гугъэщ. Дэри мы IуэхумкIэ тхуэзэфIэкI къэдмыгъанэу дывдэIэпыкъунщ», - къыхигъэщхьэхукIащ КъБР-м и Iэтащхьэм.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ Iапль.

Жэмтхьэлэ Ипщэ щаухуэ школыр мыгувэу къызэIуахыну я мурадщ

Жэпуэгъуэм и 6-м УФ-м и Президентым и полномочнэ лIыкIуэу КИФЩI-м щыIэ Белавенцев Олег, КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрий, КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ Iым и къуэдзэ - егъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэ IуэхухэмкIэ и министр Емуз Нинэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ухуэныгъэмрэ псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмкIэ и министр Тутыкъу Анзор сымэ Шэрэдж щIыналъэм хыхьэ Жэмтхьэлэ Ипщэ къуажэм щаухуэ школыщIэм щрагъэкIуэкI лэжьыгъэхэр здынэсам зыщагъэгъуэщащ.

«УРЫСЕЙ Ипщэ» федеральнэ программэмкIэ 2016 гъэм ухуэн зыщIадза школыр сабий 320-м ятещIыхьащ. Иджыпстукlэ къуажэм школакIуэу дэсыр ныбжьыщIи 183-рэщ, ауэ дызыхуэкIуэ илъэсхэм а бжьгъэр куэдкIэ нэхъыбэ хъуну хуагъэфащэ. Школым и теплъэкIи и кIуэцкIи ущеджэну хъупсэгъуэу зыхуей хуэгъэзащ. ПэщIэдзэ классым щIэсхэмрэ класс нэхъыжьхэм щеджэхэмрэ зыгъэпсэхупIэ зэпэщцхьэхуэхэр хуащIащ, теннис, футбол, баскетбол губгъуэ инхэр, спортзал Iэхуитльхуит яIэщ. Дизайнерым егупсысауэ къызэригъэпэща классхэр къызыхуэтынщэщ, лэжьыгъэмкIэ дерсхэр щрагъэкIуэкIыну пэшхэм хъыджэбз щIыкIуэм папщIэ зэрыпщафIэн хьэкухэр, зэрыдэ машинэхэр щIэтщ. ПхъащIэ Iэмэпсымэхэр яIэщ щIалэ щIыкIуэмки. Инджылызыбзэ, информатикэ, географие, химие классхэм щхьэж и унэтIыныгъэкIэ зыхуеинухэр щIэпльщ.

Класситым интерактивнэ доска щIэтщи, «Дыгъэпс къалэм» щрагъэкIуэкI урокхэм занщIэу зыпащIэу епльыну Iэмал къарет.

- Хуэныгъэ лэжьыгъэхэр иджыри и кIэм нагъэсакъым, - жиIащ **Емуз Нинэ**. - И зэхэтыкIэкIи, и къызэгъэпэщыкIэкIи школыр иджырей мардэхэм тетщ. Республикэм ит адрей курыт еджапIэхэр абы хуэдэу къызэдгъэпэщыну къытпэщылъщ. Фейцей, ныкъуэкъауэ хъуа школым 2003 гъэ лъандэрэ ущеджэ мыхъуну къалъытат. ЦIыкIуэм языныкъуэкъэр сабий садым смениткIэ щоджэ, адрейхэр къуажэ гъунэгъуэхэм макIуэ. Дыщогугъ етIуанэ четвертым щIимыдзэж щIыкIэ мы школыр хьэзыр хъуну.

- Псори зэхэту ухуэныгъэм сом мелуан 220-рэ текIуэдащ, абы щыщу мелуан 24-р республикэ бюджетым щыщщ, - жиIащ **Тутыкъу Анзор**. - Курыт еджапIэр хабзэкIэ зытетын хуей мардэм хуэкIуэу ящIащ. Псори зэхэту уэрамым щIимыдзэж щIыкIэ мы школыр хьэзыр хъуну.

Щ1ыпIэ администрацэм и Iэтащхьэ **Алтуев Алим** зэрыжиIамкIэ, къуажэдэсхэр хуабжу щогугфыкI школыщIэм, уеблэмэ, къакIуэрэ ухуакIуэхэм пщIэнщэу къадэIепыкъуэхэри мащIэкъым.

КIуэкIуэ Юрийрэ Белавенцев Олегрэ ялъэгъуахэр ягу зэрырихьар къыхагъэщащ. Зэрырагъэжьам хуэдэу, фIагъым егупуу ухуэныгъэ лэжьыгъэхэр нагъэсыну абыхэм къыхураджащ лэжьакIуэ гупыр.

ЩОМАХУЭ Залинэ.

Къэбэрдей-Балъкъэрыр яхэткъым узыгъэпIейтей щытыкIэ здэщыIэ щIыналъэхэм

КIуэкIуэ Ю. А. хуэзащ Урысей Федерацэм и Президентым и деж Граждан жылагъуэм зегъэужьынымрэ цIыхум и хуитыныгъэхэмкIэ щыIэ советым хэт Брод А. С.

КIуэкIуэ Юрий КъБР-м и Правительствэм и Унэм дыгъуасэ щыхуэзащ Урысейм и Президентым и деж Граждан жылагъуэм зегъэужьынымрэ цIыхум и хуитыныгъэхэмкIэ щыIэ советым хэт Брод Александр.

ЗэIущIэм щытепсэлъыхьащ гъэзэщIакIуэ властым и органхэмрэ Правительствэм пымыщIа организацэхэмрэ республикэм и щIыналъэм зэрыщызэдалажьэм зегъэужьыным. Урысей Федерацэм и Къэрал Думэмрэ щIыпIэ унафэр зезыгъакIуэ органхэмра я депутатхэр хэхыным зыщыхуагъэхьэзыра зэманымрэ а хэхыныгъэм и екIуэкIыкIамрэ я гугъу щищIым хьэщIэм къыхигъэщхьэхукIащ: «ХэхакIуэ комиссэ нэхъыщхьэмрэ «Граждан кIэлъыплъныгъэ» организацэмрэ республикэм Iэ зэрыщалэтам дагъуэ лъэпкъ хуащIакъым. Парт псоми я дежкIэ зыхуеину Iэмалхэр къызэрагъэпэщащ. Сэ а зэманым къриубыдэу къэралым и субъекту 30 къызэрэскIуэхьащи, къэзгъэлъэгъуэну сыхуейщ Къэбэрдей-Балъкъэрыр узыгъэпIейтей щытыкIэ здэщыIэ щIыналъэхэм зэращымыщIыр.

КIуэкIуэ Юрий хэхауэ жиIащ граждан жылагъуэ Iуэхущ Iапль эхэм зегъэужьыным Брод Александр къарушхуэ зэрырихьэлIэр икIи къыхигъэщхьэхукIащ граждан жэрдэмхэр дэгъэкIыным адэкIи зэщIыгъуу елэжьыпхъэу къызэрилъытэр.

Брод А. С. КъБР-м и Жылагъуэ палатэм и унафэщI зыбжанэм, апхуэдэу ЦIыхум и хуитыныгъэхэмкIэ уполномоченнэу республикэм щыIэм яхуэзэну и мурадщ.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ Iапль.

Мэкъумэш хозяйствэмрэ ерыскъыпхъэхэм елэжь промышленностымрэ я лэжьакIуэм и махуэм ирихьэлIэу

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Ю. А. и хъуэхъу

Ныбжьэгъу лъапIэхэ!

Си гуапэу сыныбжьыхуэхъу Мэкъумэш хозяйствэмрэ ерыскъыпхъэхэм елэжь промышленностымрэ я лэжьакIуэм и махуэмкIэ.

Ди цIыхубэм мэкъумэшыщIэм и лэжьыгъэм пщIэ лей хуащI. Фэ ерыскъым и лъэныкъуэкIэ къэралым шынагъуэншагъэ иIэныр, цIыхухэр зыхуей хуэзэу псэуныр къызывогъэпэщ. ФIыщIэ фхуэзощI апхуэдэ псэемыблэж лэжьыгъэм папщIэ.

Иужьрей илъэсхэм республикэм и агропромышленнэ комплексым ехъулIныгъэ нэрылъагъуэр иIэ хъуащ. Мэкъумэш продукцэ лIужьыгъуэ нэхъыщхьэхэм ящыщу къэрахьэлIэм хохьуэ, инвестицэ проект инхэр ягъэзащIэ. Апхуэдэ Iуэхуфlхэр щIэгъэбыдэн, агропромышленнэ комплексыр къэгъэщIэрэщIэжын, ар технологие пэрытхэр къыщагъэсэбэп икIи фейдэшхуэ къызыпыкI Iэнатlэ щIын хуейщ. Апхуэдэу иджыри къарушхуэ ехьэлIапхъэщ къуажэм щыIэ псэукIэр егъэфIэкIуэным, лэжьапIэ Iэнатlэхэм щыIэ щытыкIэр нэхъ тэмэм щыным. Дэ адэкIи дегугъунущ къуажэм и социальнэ инфраструктурэр къэIэтыным, абы псэупIэхэр, школхэр, сымаджэщхэр, гъуэгухэр щыхуэным, лэжьапIэ Iэнатlэщхэр къыщыхэзгъэпэщыным.

Щэч къыптесхьэржьым, къаруу диIэр зэгъэуIауэ дылажьэмэ, ехьулIныгъэщхэр фIэкIыпIэ имыIэу къызэрытхьынум.

Къуажэдэс лэжьакIуэхэм, Къэбэрдей-Балъкъэрым и агропромышленнэ комплексым и ветеран псоми ехьулIныгъэщхэр къахьыну, узыншагъэрэ ефIэкIуэныгъэрэ яIэну сохъуэхъу.

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и мэкъумэш хозяйствэм щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ» цIэр яфIэщыным и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

Мэкъумэш хозяйствэм зегъэужьыным къарушхуэ зэрырихьэлIам икIи илъэс куэд льандэрэ хьэлэту зэрылажьэм папщIэ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и мэкъумэш хозяйствэм щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ» цIэ лъапIэр яфIэщын

Алэкъей Инал TIалэмаш и къуэм - «Албир» мэкъумэш кооперативым и тхьэмадэм

Бозиев Магомед Назир и къуэм - «Дарган» жэуап зэхэгъэщхьэхукIа зыхь зэгухьэныгъэм и генеральнэ директорым

Сэбаншы Аскэрбий Хьэсэнбий и къуэм - Лэскэн муниципальнэ районым и щIыналъэ администрацэм мэкъумэш хозяйствэмкIэ, промышленностымкIэ, сатумкIэ и управленэм и унафэщIым

Сидорук Татьянэ Михаил и пхъум

Токаевэ Галинэ Владислав и пхъум - «Ленинцы» мэкъумэш кооперативым и тъэш цехым и унафэщIым

Щоджэн Руслан Асльэнбий и къуэм - «ЩIыхэр мелиорацэ щIыныкIэ мэкъумэш Iэнатlэр псыкIэ къызэгъэпэщыныкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэ управленэ» федеральнэ къэрал бюджет Iуэхущ Iапль эм и Аруан къудамэм и унафэщIым

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Юрий

Налшык къалэ
2016 гъэм жэпуэгъуэм и 7
№121-УГ

2016 гъэм и апэ илъэс ныкъуэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетыр гъэзэщIа зэрыхъуам теухуауэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм ищIа отчетым и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

2016 гъэм и апэ илъэс ныкъуэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетыр гъэзэщIа зэрыхъуам теухуауэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм ищIа отчетым хэплъауэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым кьегъальэгъуэ хэхъуэхэмкIэ сом мин 27126971-рэ хьу илъэс планыр сом мин 13055292-кIэ, е илъэс планым и процент 48,1-кIэ, абы щыщу федеральнэ бюджетым и дэIепкъуныгъэр хэмыту сом мин 15339514,8-рэ хьу планыр сом мин 5925918,5-кIэ, е процент 38,6-кIэ гъэзэщIа зэрыхъуар. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетым хэщIхэмкIэ сом мин 30723052-рэ хьу и илъэс планым щыщу сом мин 14748306,8-рэ, е процент 48-рэ кьагъэсэбэпащ икIи абы ипкъ иткIэ отчет лъэхъэнэм бюджетым хуримыкъур сом мин 1693014,7-м нэсащ.

А псоми япкъ иткIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещI**:

2016 гъэм и апэ илъэс ныкъуэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетыр гъэзэщIа зэрыхъуам теухуауэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм ищIа отчетыр къэлъытэн.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ I ЕГОРОВЭ Татьянэ

Налшык къалэ
2016 гъэм фокIадэм и 29-м
№543-П-П

● ГуфIэгъуэ зэхыхьэхэр

ЩIэныгъэм и щIыхькIэ

Къэрал киноконцерт гъэлъэгъуапIэм жэпуэгъуэм и 6-м щекIуэкIащ Къэбэрдей-Балъкъэрым Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ и институтыр къызэрызэрагъэпэщрэ илъэс 90 зэрырикъум теухуа зэхыхьэ.

АБЫ КЪРИХЬЭПIАТ КъБР-м и Парламентым и Унафэщ I **Егоровэ Татьянэ**, КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ I **Мусуков Алий**, КъБР-м и Жылагъуэ Палатэм и унафэщIым и къуэдзэ **Федченкэ Людмилэ**, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и ректор **Альтуд Юрий**, щIэныгъэлIхэр, нэгъуэщIхэри.

Пшыхьыр яублащ институтым и лэжьыгъэмрэ абы и цIэр зыгъэIуа щIэныгъэлIхэмрэ трауху а фильм кIэщIкIэ. Псалъэ ираташ гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ институтым и унафэщI, тхьадэ щIэныгъэхэм я доктор **Дзэмыхь Къасболэт**. Абы фIыщIэ яхуищIащ я махур дагъэльапIэну мы Iуэхум зыкъэрезыгъэхьэлIаным.

(КIэухыр 2-нэ нап.).

● Футбол

Фрагъэблагъэ

Урысей Федерацэм футболымкIэ и апэ дивизион

ЕпщыкIухэнэ джэгугъуэ
«Спартак-Налшык» - «СКА-Хабаровск»
Налшык. «Спартак» стадион.
Жэпуэгъуэм и 8.
Сыхьэт 17-м.

Егоровэ Татьянэ и псалъэ.

Мусуков Алий щIыхь тхылъыр зыхуагъэфэщам иретыж.

ЩIэныгъэм и щIыхькIэ

Сэхъурокъуэ Хьэутий Дзэмыхь Къасболэт йохъуэхъу.

(КIэухыр. Пэщ1эдзэр 2-нэ нап.)

Къэбэрдей-Балъкъэр щIэныгъэ центрым Информатикэмрэ щIыналъэ IуэхуэмкIэ и управленэм и институтым и унафэщI **Иуан Пётр** псалъэ щратым жиIаш: «Къэбэрдей-Балъкъэрым ис лъэпкъхэм я зыужьыныгъэм екъэлIауэ лэжьыгъэхуэ езыгъэжIуэкI Iуэхущ1апIэщ ди институтыр. Абы и мыхьэнэм хэхъуэ фIэкIа, хэщIыркъым. Лъахэхутэ Iэнатlэу къыдэгъэпэщащэу щытами, ар мы зэманым академическэ институтым и жыпхъэм иуваш. ЩIынальэм къыщекIуэкI Iуэхугъуэхэм зэрелэжьым и мызакъуэу, абы урысейпсо, дунейпсо мыхьэнэ зиIэ къэхутэныгъэхэми зрепщыт. Зэрытщ1эжщи, 1993 гъэм институтым аспирантурэ, кафедрэ зыбжанэм лэжьэн щыщ1адзауэ щытащ. Мы зэманыр зыхуэкIуэаращи, къэрал, лъэпкъ нэхъ лъэрыгъэхьэхэм ипэкIэ зэрыкIуэтэн Iэмалхэр махуэ къэс къагупсыс зэпытщ. А Iуэхуэм пэлъэщыфыну щыIэр Къэбэрдей-Балъкъэрым гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ и институтым хуэдэхэрщ».

КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ1 **Мусуков Алий** къеджащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэм и фIэхъус псалъэм. «Институтым, шэч хэмылъу, хэлъхьэныгъэшхэу хуищ1ащ гуманитар щIэныгъэм. Тхыдэм, этнографием, щэнхабзэм, археологием, литературэм, бзэм ехьэлIауэ институтым къыдигъэкIа лэжьыгъэхэм Урысеймии хамэ къэралхэми щIэупщIэ щаIэщ. ЩIэныгъэлIхэм я лэжьыгъэхэр щыхьэт тохъуэ ди щIыналъэм щыпсэу лъэпкъхэм я тхыдэ къулейм. Ар мыхьэнэшхуэ зиIэщ. Къэхутэныгъэхэм ди блэкIар тщамыгъэгъупщэ къудейуэ аракъым, атIэ лъэпкъ зэхуэщытыкIэхэри нэхъ быдэ ещI. Гугъуэхьэр щыIэми, Кавказ Ищхьэрэм щылажьэ щIэныгъэ центрхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ и институтыр йофIэкI. Ар зи фIыгъэ лэжьакIуэхэм къэхутэныгъэщIэхэр дяпэкIи къыдэIуахыну дохъуэхъу», - итт абы.

Мусуков Алий КъБР-м и Правительствэм и Щ1ыхь тхылъхэр яритащ ахэр зыхуагъэфэщащэм. Апхуэдэуи ар къеджащ щIэныгъэлI зыбжанэм щIэ лъапIэхэр зэрыфIащам теухуа унафэм.

КъБР-м и Парламентым и Унафэщ1 **Егоровэ Татьянэ** щIэныгъэлIхэм щехъуэхъум, къыхигъэщащ щIэныгъэр игъэкIэ гъэзэкIуэтэн папщIэ къаруушхуэ уэзрыхуэйр. «Илъэс 90-р бжыгъэ къудейкъым. Абы и щIыбагъ мыхьэнэ зиIэ лэжьыгъэшхуэ къыдэлъщ. Дунейр щыфIи зэман нэхъ гугъуэхэми щIэныгъэр хамыгъэкIуадэу нобэм ар къэзыхьэсахэрщ фIыщIэ зыхуэтщIыпхъэр. Си фIэщ мэхъу нэхъыжьхэм я лъагъуэр хамыгъэгъуащ1эу, щIэныгъэлI нэбжьыщIэхэми щIэныгъэм зэрызрагъэужьынур», - жиIащ Егоровэм.

«Къэбэрдей-Балъкъэрым гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ и институтым зэпымыууэ зрагъэужьу, щIэныгъэлIхэм я къарур яунэтIу унафэщI 19 Iутащ. Апхуэдэу дигу къэдгъэкIыжьыпхъэщ. КIыщокъуэ Алим, КIэрэф Къамболэт, Лъостэн Владимир, Хутуев Хьэнэфи, Гугу Рашад, Думэн Хьэсэн сымэ. Республикэм и щIэныгъэ Iуэхум а щIыхуэхэм хэлъхьэныгъэу хуащIар зыщыдгъэгъупщэ хьунукъым», - жиIащ Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ Сэхъурокъуэ Хьэутий.

ЩIэныгъэлIхэм я Iуэхущ1афэхэр зэкупсэхэр щыIэныкIэ щапхъэу къыпльытащ КъБР-м и Жылагъуэ палатэм и унафэщIым и къуэдзэ Федченкэ Людмилэ. «ЩIэныгъэ къэхутэныгъэхэр щыIэу, щIалэгъуалэм зэи ящыгъупщэнукъым къызыхэкIар икIи фIыуэ ялъагъунущ я лъахэр», - жиIащ абы.

КъБР-м гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ и институтым и унафэщI Дзэмыхь Къасболэт Iуэхущ1апIэм къикIуа гъуэгуанэмрэ къалэн къапэщылъхэмрэ теухуауэ къэпсэлъащ.

Мы зэлущ1эм щIэныгъэлIхэм щратащ Iуэхущ1апIэ зэхуэмыдэхэм я щIыхь тхылъхэр.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

Зи махуэшхуэр зыгъэлъапIэхэр. *Сурэтхэр* **Елькъан Артур** *трихащ.*

● Жэпуэгъуэм и 9-р Мэкъумэш хозяйствэмрэ ерыскъыпхъэхэм елэжь промышленностымрэ я лэжьакIуэм и махуэщ

Илъэсыр яхуэфIащ

Ди гъавэгъэкIхэм, Iэщ1ыхъуэхэм, агропромышленнэ комплексым и адрей Iэнатlэхэм пэрытхэм мы гъэр яхуэфIащ. Илъэс ихыным яхуэзфIэкIахэм пэублэу урилъэжмэ, лэжьыгъэ хъарзынэ яIауэ къэпльытэ хьунущ. Хозяйствэ лIэужьыгъуэ псоми къэкIыгъэ пасэхэмрэ хьэцэпэцэмрэ кIэрыхуншэу щыIуахыжащ, мы зэманым еужьэрэкIыу етIуанэ хэгъуэр ирагъэкIуэкI.

ДапщIэщIи хуэдэу, Бахъсэн щIыналъэм и мэкъумэшыщIэхэр я махуэм хуэфащэу Iоущ1э. Районым мэкъумэш хозяйствэмрэ ерыскъыпхъэхэмкIэ и Iуэхущ1апIэм и унафэщI Къаскъуэ Хьэмидий къызэригъэлъэгъуамкIэ, мы гъэм бжьыхьэсэ къэкIыгъэу гектар 3020-рэ, нартыхуу - 23417-рэ, сэхурану - 2518-рэ, кIэртIофрэ хадэхэкIыу - 1119-рэ, мэкъумылапхъэ гектар 1235-рэ зэрахьащ. Гъэмахуэм къеха уэр къалэIэсами, гъавэ бзэ къайхьулIащ: гектаркъм хуэзэу гуэдзу центнер 40-м нэблагъэ, хьэуэ - 35-рэ, сэхуранэ центнер 25-рэ къыщIалIукIащ, кIэртIофу центнер 250-рэ къатIыжащ.

Мы махуэхэм нартыхур къыдачыж, мыIэрысэхэр къыпачыж. Гектаркъм ику иту нарт гъавэзу центнер 75-м нэс къытокI, мыIэрысэу тонн 50-м нэблагъэ къарет.

- Жыг хадэхэр зехьэным гулъытэ хэха худощI. Технологиещ1эхэм дызэрыхуэкIуэ лъандэрэ пхъэщхьэмыщхьэу кьетхьэлIэм куэдкIэ хэхъащ. А Iэнатlэщ1эм зэуIуу зедгъэужьын мурадкIэ, хадэхэр зыхуей Iэмэпсымэхэр ягъэхьэзырын, пхъэщхьэмыщхьэр яхъумэн, ящэн папщIэ, предприятэ зыбжанэ къыздэгъэпэщащ.

Нобэ ирихьэлIэу илъэс куэдкIэ къыздыпыкIэ хадэу гектар 2209-рэ диIэщ. Абы щыщу 1279-р псынщIэу хэхъуэхэм хуэдэщ, гектар 930-р къызэрыгъэкIщ. ЩIэхыу зызыужь жыг хадэхэм я бжыгъэр гектар 2000-м нэдгъэсынущ.

Бахъсэн щIыналъэм мэкъумэш Iэнатlэм зэрызыщиужьым и щIыхьэтщ еджапIэ хэха зиIэ Агропромышленнэ бизнес-инкубаторым и ягъэ чэзур къызэрызэлутхар. Абы лабораторэ центр, еджапIэ фермэ, пхъэщхьэмыщхьэ зэмылIужьыгъуэхэм псынщIэу зэрызрагъэужь технологиехэм, мэкъумэшхэкIхэр зэрахьумэ, зэращэ Iэмалхэм щыхуагъасэ пэш щхьэхуэхэр хэтщ. Мэкъумэшыщ1эхэмрэ ди Iуэхущ1апIэмрэ жыджэру зэрызэдзлажьэм районым и агропромышленнэ комплексым зэрызыдиужьым къыгъуеблагъэ хьэщ1э пIэкIэр хуабжьу дехьэх. Жыг гъэкIным къыщыдгъэсэбэп технологиехэр илъэс зыбжанэ ипэкIэ къытхуэзыхьа итальянхэр гъэ къэс къытхуокIуэ. ХабзэфI хъуауэ, Тыркум щыпсэу ди лъэпкъэгъуэхэри ди Iуэхущ1афэм дихьэхыу кIэлъоплъ. Урысейм мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министр Ткачёв Александр къызэрытхуеблагъам, «Бахъсэн и жыг хадэхэр» ООО-м и пхъэщхьэмыщхьэ хьумапIэмрэ пластик контейнерхэр щагъэхьэзыр и заводымрэ зэрыщыIам ди щхьэр лъагэу дигъэлъагъужащ, - къыхигъэщащ Къаскъуэлым.

Абы зэрыжиIамкIэ, Iэщ1ыхъуэхэми зэфIэкI къагъэлъагъуэ. Хозяйствэ лIэужьыгъуэ псоми Iэщ1ыхуэу 38594-рэ щаIыгъщ. Абыхэм ящыщу 16082-р жэмщ. Мэлхэмрэ бжэнхэмрэ 28864-рэ, шыхэр - 2554-рэ мэхъу, джэдкъэзыр мин 650-м нобл агъэ.

Къыхэгъэщыпхъэщ щIыналъэм и унафэщIхэр мэкъумэшыщIэхэм зэрадзэпыкъур, зи Iуэху къыдэзыхьыжыну, хьэрычэтыщIэ Iэнатlэ щIыкIуэмрэ курытхэмрэ зезыгъэужьыну хуейхэм зэрызыщIагъакъуэр.

- Бахъсэн щIыналъэм и агропромышленнэ комплексым и лэжьакIуэхэр Iуэхущ1афэ дахэкIэ я махуэм ирохьэлIэри, узынщагъэ быдэрэ зэIузэпэщ1ыныгъэрэ яIэу дяпэкIи я зэфIэкIым хагъэхъуэну, я мурадыфIхэр къайхъулIэну, я гуащIэм и хъер куэд ялъагъуну си гуапэщ, - щыжеIэ Къасболъ Хьэмидий я мэкъумэшыщIэхэм яхуэгъэзэа и хъуэхъум.

ЧЫЛАР Аринэ.

● Гуфlэгъуэ зэхуэсхэр

ЕгъэджакIуэхэр ягъэлъапIэ

Дэнэкlи хуэдэу, жэпуэгъуэм и пэщlэдзэхэм ди республикэми щlэтащ Егъэджакlуэм и махуэшхуэр. Зи гуащIэр щIэблэм яхуэзыгъэпсхэм, зи псэ хуабагъымкIэ сабийхэм ядэгуашэм ахуэгъэзэат БКБКъУ-м егъэджакIуэхэм я щIэныгъэм щыхъгъахъуэ и институтым (ИПК) къыщызэрагъэпэща гуфIэгъуэ зэхъхьэрэ.

КъЭБЭРДЕЙ-Балъкъэрым и щIыналъэхэм, къалэхэм, жъажьхэм щылажьэ пэщIэдзэ, курыт школхэм я лIыкIуэ къуэдзэ ирагъэблагъащ а махуэм институтым. Хьэщ1эхэм яхэтт егъэджакIуэхэм методистхэри, Iуэхущ1апIэхэм я унафэщIхэри методикэ зэгуфхьэныгъэхэм я пашэхэри. Абыхэм папщIэ ягъэхьэзыра махуэшхуэ концертыр къыщIэIуихащ Налшык дэт курыт школ №11-м и сабий творческэ гупым. ЦIыкIухэм ягъэзащIа уэрэдым Iэгуауэшхуэ хуалэта нэужь, егъэджакIуэхэм гуапэу екIуэхъуэну утыку къыхьащ КъБКъУ-м и проректорхэу Баразбиев Муслимрэ КъумыкIу Iэуесрэ. Абыхэм я къэпсэлъэныгъэм къыхагъэщащ цIыхум зиужьынымкIэ, щIэныгъэ тэмэм зригъэгъуэтынымкIэ егъэджакIуэм и пщэм къэлэнышхуэ къызэрыдэхуэр. Ар фIыуэ, къызыхуэтыншэу зыгъэзащIэ егъэджакIуэ гъуэзэджэхэр ди республикэм зэрыщымащIэми гушхуэныгъэ къаззрыхилъхьэр жаIащ.

Институтым и унафэщI Анаев Марат утыкур хуит щIыхуащIым, гурэ псэкIэ егъэджакIуэхэм екIуэхъуащ я Iэщ1агъэм епха махуэшхуэмкIэ. «Жылагъуэм мыхьэнэшхуэ щIзиIэщ егъэджакIуэ Iэщ1агъэр. Аращ абы къэралым гулъытэ хэха дапщащи щIыхуищIыр», - жиIащ Анаевым. Зыпэрыт Iэнатlэм щIзыIэрагъэхьа ехьулIэныгъэхэм кIапэкIуэу махуэшхуэр зейхэм абы яритащ щIыхь, фIыщIэ тхыльхэр.

«ЕгъэджакIуэ нэсым хуэзфIэкIын хуейщ дэтхэнэ сабийми щIэныгъэм, едэжьым я Iофlагъэр зыхригъэщIэн. Ныбжьыщ1эхэм къагурыIуэн хуейщ щIэныгъэ нэсым къару, гушхуэныгъэ, гукъыдэж къызэрыпэкIуэр, - жиIащ институтым щIэдзэ егъэджэныгъэмкIэ и къудамэм и унафэщI Керженцевэ Аннэ. - А псоми ар хуэзышэфыну щыIэр зы цIыхуущ - егъэджакIуэращ. Гу щабэу икIи псэ къабззу, ткIийуэ икIи зэхуэу, бэшэчу икIи жэуапIныгъэ зыхицIэу дапщэщи щыт фэ псоми сыныбжьхуэхъу фи махуэщхуэмкIэ. Си гуапэщ, абы екъуIэныгъэщIэхэр, насыпыщIэхэр, узыншагъэ быдэ къыфхудэкIуэну».

Апхуэдэ псалъэ гуапэ куэд щыIуащ зэхуэсым. Абы кърихьэлIахэр щыгъуазэ хуащIащ 2016 - 2020 гъэхэм къриубыдэу егъэджэныгъэм адэкIи зиужьыным хуэгъэпса программэ хэха къаралым зэрыщыубзыхуар. ИкIи абы къыщыгъэльэгъуэ унэтIныгъэ псори гъащIэм хэпща хъуным ар зи пщэрыльхэр зэрелIалIэнур. ЗэIущIэм зэрыщыжаIамкIэ, Егъэджэныгъэм зегъэужьынымкIэ федеральнэ институтымрэ КъБКъУ-м и ИПК-мрэ зэгъусэу къызэрагъэпэщауэ мэлажьэ Iэнатlэм епха гъэунэхуныгъэ щIыпIэхэр. Абыхэм жыджэру хэтщ Налшык щколхэр. А Iуэхущ1апIэхэм я унафэщIхэм ираты жащ а институтхэм къабгъэдэкI фIыщIэ, щытхъу тхыльхэр, фэеплъ саугъэтхэр.

Гуфlэгъуэ зэхуэсым щIыуащ егъэджакIуэм и гуащIэ хьэлэлыр зыIэт уэрэдхэр, усэхэр.

КЪАРДЭН Маритэ.

● ЩIэ

Я щIэныгъэр къапщытэж

Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым жэпуэгъуэм и 4-м «Этнографие диктант» урысейпсо Iуэхур щекIуэкIащ. Къэралым и тхыдэмрэ щэнхабзэмрэ щIыхубэр дегъэхьэхын мурадкIэ ар иджы япэу къызэрагъэпэщат.

ДИКТАНТЫМКIэ и щIэныгъэр здынэсыр къипщытэжыну хуитт зи ныбжьыр илъэс 15 ирикъуахэм я деж къыщыщIэдзауэ зыщыщ къэрал, иныгъ дин емыльытауэ дэтхэнэми.

КъБКъУ-м а Iуэхум хэтыну цIыхуи 103-рэ къекIуэлIащ. Абыхэм яхэтащ еджапIэ нэхъыщхьэм и студентхэри, Кэнжэ курыт школ №20-м и егъэджакIуэхэри, хамэ къэрал къикIауэ ди еджапIэхэм щIэсхэри.

Диктантыр тест жыпхъэм иту екIуэкIащ. УпщIэ 30-р теухуат ди къэралым ис лъэпкъхэм я бзэхэм, хабзэхэм, щэнхабзэм.

Iуэхур зэрекIуэкIым кIэлъыплъныгьэ зи пщэрылъу щыта, тхыдэ щIэныгъэхэм я доктор, этнолог ТекIуий Мадинэ жиIащ: «Мы Iуэхум къигъэлъэгъуэнущ ди цIыхухэм я щIыналъэр зэрацIыхур. Апхуэдэуи Урысейм щыпсэу лъэпкъхэм я щэнхабзэм зиужьынымкIэ Iэмал имыIэу сэбэп хъунущ. Урысейпсо диктантым кърикIуэм елъытауэ этнографиемкIэ зэрыграгъаджэм зэхъуэхьэным щIэныгъэлIхэр егупсысынущ».

Диктантыр зэратхам кърикIуахэр наIуэ къэхъунущ щэкIуэгъуэм и 4-м, ЦIыхубэ зэкъуэтныгъэм и махуэм. Абы ущыкIэлъыплъ хъунущ www.miretno.ru сайтым.

ГЕЛЯЕВЭ Марзият,
КъБКъУ-м и пресс-гуэхущ1апIэм и лэжьакIуэ.

Мы махуэхэм

Жэпуэгъуэм и 8, *щэбэт*

♦**Астрономием и дунейпсо махуэщ**

♦**Ульяновскэ областым щагъэлъапIэ еджакIуэм и махуэр**

♦**1860 гъэм** Бахъсэн цIыхубэ судыр къызэрагъэпэщащэу щытащ.

♦**1961 гъэм** Кремль уардэунэм япэ концертыр щатащ. Ар зыхуэгъэзар унэр зыщIа уэхуакIуэхэр.

♦**1970 гъэм** Солженицын Александр Нобель саугъэтыр къыхуагъэфэщащ.

♦**1991 гъэм** Хорватиемрэ Словениемрэ Югославием къыхэкIащ, езыхэм республикэ щхьэхуэхэр яIэ хъуахэщ.

♦Урыс усакIуэ, зэдзэкIакIуэ цIэрыIуэ **Цветаевэ Маринэ** къызэралъхурэ илъэси 124-рэ ирокъу.

♦Совет актёр, уэрэджьыIакIуэ **Бернес Марк** къызэралъхурэ илъэси 105-рэ ирокъу.

♦Филологие щIэныгъэхэм я доктор, АКъУ-м и профессор, ЩIДАА-м и академик, АР-ми УФ-ми щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ **ЗекIуэхъуэ Увжыкъуэ** къызэралъхурэ илъэс 88-рэ ирокъу.

♦Мэкъумэш щIэныгъэхэм я доктор, профессор **Умар Анатолэ** и ныбжьыр илъэс 81-рэ ирокъу.

♦Совет тхакIуэ щIэрыIуэ, зи Iэдакъэщ1экIэмкIэ фильм гъэщIэгъуэнхэр (псалъэм папщIэ, «Семнадцать мгновений весны», «ТАСС уполномочен заявить») траха **Семёнов Юлиан** къызэралъхурэ илъэс 85-рэ ирокъу.

♦Театрымрэ киномрэ я актёр цIэрыIуэ, РСФСР-м и цIыхубэ артист **Куравлёв Леонид** и ныбжьыр илъэс 80 ирокъу.

♦Мэкъумэш щIэныгъэхэм я доктор, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэш университетым и профессор **Къагьырмэс Црай** и ныбжьыр илъэс 77-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 20 - 23-рэ, жэщым градус 13 - 14 щыхъунущ.

Жэпуэгъуэм и 9, *тхьэмахуэ*

♦**Пощтым и дунейпсо махуэщ.** 1874 гъэм жэпуэгъуэм и 9-м дунейпсо пощт зэгуэхэныгъэр къызэрагъэпэщащ.

♦**Мэкъумэш хозяйствэмрэ ерыскъыпхъэхэм елэжь промышленностымрэ я лэжьакIуэм и махуэщ**

♦**2004 гъэм** Афганистаным а къэралым щыяпэу президент хэхыныгъэр щекIуэкIащ. А къулыкъур хуагъэфэщауэ щытащ Карзай Хьэмид.

♦**1943 гъэм** Тамань хьтIыгункIуэр нэмыцэ-фашист зэрыпхъуакIуэхэм къыIэщIагъэкIыжащ.

♦**1975 гъэм** Сахаров Андрей Нобель саугъэтыр къыхуагъэфэщащ.

♦Убых тхакIуэ, журналист **Щ1ьэплъы Зубейдэ** къызэралъхурэ илъэси 107-рэ ирокъу.

♦Театрымрэ киномрэ я актёр цIэрыIуэ, СССР-м и цIыхубэ артист **Евстигнеев Евгений** къызэралъхурэ илъэс 90 ирокъу.

♦Инджылызым щыщ рок-музыкант, уэрэджьIакIуэ, усакIуэ, композитор цIэрыIуэ, «The Beatles» гупым и къызэгъэпэщакIуэ **Леннон Джон** къызэралъхурэ илъэс 76-рэ ирокъу.

♦УхуакIуэI, хьэрычэтыщIэ, «ААА» фирмэм и унафэщI **Къуршэ Валерэ** и ныбжьыр илъэс 61-рэ ирокъу.

♦Актрисэ, КъБР-м и Къарал саугъэтым и лауреат, республикэм щIыхь зиIэ и журналист **Мысостышхуэ Маринэ** къыщалъхуа махуэщ.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 19 - 23-рэ, жэщым градус 13 - 14 щыхъунущ.

Жэпуэгъуэм и 10, *блыщхьэ*

♦**Психикэ узыншагъэр хъумэным и дунейпсо махуэщ**

♦**ЦIыхум и судыр укIкIэ ящIэу мыдэным и дунейпсо махуэщ**

♦**1964 гъэм** Токио къыщыщIэIуахащ XVIII Олимп Джэгухэр. Ар Азие щIыналъэм щрагъэкIуэкIа япэ Олимпиадэт.

♦**1993 гъэм** НТВ урысей телеканалым лэжьэн щIидзащ.

♦КъБР-м и цIыхубэ усакIуэ **Щомахуэ Амырхъан** къызэралъхурэ илъэси 106-рэ ирокъу.

♦Франджы балеринэ цIэрыIуэ **Черинэ (Щамырэ) Людмилэ** къыщалъхуа махуэщ.

♦Тхыдэ щIэныгъэхэм я доктор, КъБР-м щIэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Iулыдж Iустырхъан** къызэралъхурэ илъэс 88-рэ ирокъу.

♦ТхакIуэ, КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **КIуантIэ Iэзид** къызэралъхурэ илъэс 86-рэ ирокъу.

♦КъБР-м и цIыхубэ тхакIуэ, республикэм щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, «Iуащхьэмахуэ» журналым и редактор нэхъыщхьэу лэжьа **Елгъэр Кашиф** и ныбжьыр илъэс 81-рэ ирокъу.

♦Философие щIэныгъэхэм я доктор, техникэ щIэныгъэхэм я кандидат, КъБР-м щIэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **ТхьэгъэпсэХьэжысмел** и ныбжьыр илъэс 77-рэ ирокъу.

♦КъБР-м и цIыхубэ артист **Куэт Къанщобий** и ныбжьыр илъэс 76-рэ ирокъу.

♦КъШР-м и цIыхубэ тхакIуэ, КъБР-ми КъШР-ми щIыхь зиIэ я журналист, «Черкес хэку» газетым и редактор нэхъыщхьэу илъэс куэдкIэ лэжьа **Дэбагъуэ Мухьэмэд** къызэралъхурэ илъэс 75-рэ ирокъу.

♦Уэрэдыс, КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Щомахуэ Хьэсэнбий** и ныбжьыр илъэс 74-рэ ирокъу.

♦ТхакIуэ, КъШР-м щIыхь зиIэ и журналист **Шорэ Ахьмэд** и ныбжьыр илъэс 74-рэ ирокъу.

♦КъБР-м егъэджэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, педагогикэ щIэныгъэхэм я доктор, профессор **Щ1оджэн ФатIимэ** къыщалъхуа махуэщ.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ, пIалъэ-пIалъэкIэрэ уэшх тIэкIу къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 12 - 14, жэщым градус 11 - 12 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар **ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.**

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Хэдэ мэдакъуэри, хэплъэ мэплъакъуэ.

Сулътlан Къанщауэ Гъур и «Къащидэ лъапlэхэр»

Илюшинэ Миланэ (Санкт-Петербург) тхыдэ щlэныгъэхэм я кандидат, доцент

Иужьрейм илъ къихуэу мамлюк сулътlану тета Аль-Гъуурий Къанщауэ (1501 - 1516) и уэсэ тхылъ Iэрытх щlэлъщ Дание пащтыхьыгъуэм и тхылъ хъумапlэу Копенгаген дэтым.

АУЭ IЭРЫТХЫМ тепщlыхьмэ, сулътlаным зэреджапхъэр Аль-Гъэурий Къанщауэщ, сыту жыпlэмэ, унэщlэм и ялрэй хьэрфым lупщlу фэтхьэ («э» кlэщl) тельщ. А хьэрфэешэ дыдэращ телъыр «Къащидэ лъапlэхэр» и фlэщыгъэу *Аль-Гъэурий* и мамлюкхэм язым къырирагъэтхыкlа усэ тхылъу Iэрытххэм я институт Каир дэтым щlэлъми. (Дание тхылъ хъумапlэм щlэлъ Iэрытхым ит усэ плIыщlрэ тlум щыщу щэщlрэ хыр къаззрыщхьэщхыкlышхэу щымыIэу «Къащидэ лъапlэхэм» тохуэ). «Э» кlэщl телъщ *Аль-Гъэурий* Къанщауэ и цlэкlэ икlи и лъэIукlэ ящlа «Шахнаме» тхылъым и копиеми.

Тхыдэтх Ибн Ийас (1448 - 1524) сулътlаныр тахъгъэм щитlысхьа махуэм ирихьэлlэу хуэзхилъхьа усэми, 1512 гъэм и гъэмахуэм къэхъуа Iуэхугъуэхэм щыгъепсэлъыхьыж къащидэмэ *Аль-Гъуурий* цlэ лейм хэт «гъ» хьэрфым щытрилъхьэр дэммэщ («у»-кlэщl). Гугъущ уи нэгу къыщlэбгъэхьэну сулътlаным и лъэхъэнэгъуу щыта, шэрджэс мамлюк унагъуэм къыхэкlа тхыдэтх цlэрыIуэ Ибн Ийас сулътlаным и унэцlэр пэжу зэратхэр имыщlауэ. Апхуэдэ дыдэу фlэщщlыгъуейуэ къыпщхъу езы сулътlаным и унафэкlэ ятха тхылъхэм щыуагъэ кIуэнри. Мысыр тхыдэтх Шэхьбан Мухьэммэд Марсэ зэрыжиIэмкlэ, Iуэхур дыкъуакъуэ зыщlа щхьэусыгъуэу щытынкlи хъунур Къанщауэ и хэкур Аль-Гъэур (иджырей Иорданием, Палестинэм, Израилым хыхьэ) щIыпIэм ирипхыну зэрыхуеярщ. Апхуэдэ гукъыдэж абы ищlынкlи щIэхъуар къыбгурегъаIуэ сулътlаным щэрджэсхэр гъэсанидхэм къатехъукIауэ, абы кьикIыр - хьэрыпI лъабжьэ яIэу - жиIэу зэрыщытам. Ибн Ийас и тхыдэр щитхыжар Мысырыр Уэсмэн къэралыгъэм хыхьа нэужь, абы щхьэкlэ мамлюк сулътlаныр хьэрыпхэм къахэкIауэ кьигъэлъэгъуэныр фIэигъуэ къыщlэкIынкъым. Иджырей тхыдэ щlэныгъэм тхыкIитlми ущрохьэлIэ: *Аль-Гъуурий, Аль-Гъэурий*. Мы лжьыгъэр урысыбзэ тхыгъэхэм нэхъыбэрэ къыщыкIуэ *Аль-Гъуурий* тхыкIэм тетщ.

Мамлюк дзэзешэ куэдым хуэдэу, Къанщауэ Гъур къызыхэкlам теуухуауэ хьыбар гунэс щыIэкъым. Абы и цlэ лейр Каир дэт быдапIэм хыхьэ Аль-Гъур казармэм ирапх. Къаит-бей (1468 - 1496) и мамлюкыу щыщыта зэманым Къанщауэ абы щеджагъэнщ. Хуэзыгъэфащэ щыIэщ сулътlан хъуну зи натlэ щlалэр куржы кьалэ Гори е абы и Iэгъуэблагъэм къыщалъхуауэ, сыту жыпlэмэ, аль-Гъуур казармэм щIэса мамлюкхэм я нэхъыбэр а щIыпIэм щыщт. Мысырым Къанщауэ къэзышауэ зыхуагъэфащэр Бабирди зи цlэ сондэджэрыщ.

Къанщауэ Гъур Къаит-бей и мамлюкыу щытащ. Щхьэхуит хъуа нэужь, абы шырэ фащэ къызыхащIыкIын щэкIрэ къратащ, итlанэ сулътlаным и камердинеру - *мамлюк аль-джэмдария*[1] - жыхуаIэм хуэдэу ягъэуващ. Итlанэ щlалэр Къаит-бей и хъумакIуэхэм хагъэхьэ. 1481 гъэм, езым и цlэджэгъу, дзэзешэ Хъэмсмиlэ Къанщауэ и жэрдэмкlэ, Къанщауэ Гъурыр Мысыр Ищхъэрэм и кашифу (унафэщlу) агъэув. Илъэсищ докIри, ар *пщIым я дзэпщ* цlэр зэрихьэу Хьэлэб ягъакIуэри, Тарсус и кьалэтет мэхъу, зэман докIри, Хьэлэб кьеГъэззэж. 1489 гъэм щегъэжьауэ ар сэреидзэм и пашэу, а кьалэм сулътlаным щиIыкIуэу мэлажь. 1493 гъэм Къанщауэм зыкъзыIэтахэр щытхъу кьыплжьу игъэмамыржащ. КъыкIэлъыкIуэу ар Малатье (Анадолэ Къуэкlыпlэм) и тет хъуащ. ЩIыпIэ пхыдзахэм фIыуэ зэрыщIалажьэм Къанщауэ Гъур зи унафэм зауэлI мин нэхърэ мынэхъ мащlэ щlэт сулътlаныгъуэм и дзэпщ пэрытхэм ящыщ ищlат. Къаит-бей дунейм ехыжу абы и къуэ Ан-Насир Мухьэммэд трагъэкIа нэужь, сулътlан хъуну къагъэлъагъуэхэм язт Къанщауэ Гъур. Аз-Захир Къанщауэ (1498 - 1499/1500) ар сулътlаным и мамлюкхэм я пашэу зэригъэуву, Къанщауэ Гъур Аль-Адиль Тумэнбей дзыхь зыхуищlа къулыкъуущlэхэм ящыщ хъури, администрацэм зэуэ къулыкъуиплI щрихьэкIын щIидзащ: *дэуэдар нэхъыщхьэ* - «шакъалъэм и хъумакIуэ» (сулътlаным и дэфтэр хъумапlэм и унафэщl); *уэзир* (ар налогхэмрэ сулътlаным и пщэфIапlэмрэ кlэлъыплъырт), *устадар* (унэзехьэ, сулътlаным и чэнджэщэгъу, сулътlаным и унафэр абы и псэупIэхэм, и хъумакIуэхэм, и мамлюкхэр зыщlэс казармэхэм щыпхызыгъэкI), *кашиф* нэхъыщхьэ. Аль-Адиль Тумэнбей 1501 гъэм мэлыжьыхьым и 19-м традзащ. Абы и пlэ иувэну хэта эмиритIыр къанэри, къыкIэлъыкIуэ махуэ дыдэм, 1501 гъэм мэлыжьыхьым и 20-м, Къанщауэ Гъур сулътlан хъущ. Ибн Ийас щыхьэту къоуэ абы унафэр къыIэрыхьэу тахъгъэм щитlысхьа махуэм гъныир зэпимыгъууэ, сулътlаныгъуэри тепщэм хуэфащэ щхьэешыхьэкI фIыцIэри къищтэн имыдэу нэпс куэд зэрыщIигъэкIамкIэ. Апхуэдэу хъуами, къыкIэлъыкIуэ илъэс пщыкIутхум сулътlаным ткIийуэ Мысырым унафэр щиIыгъыфащ.

Епщыкlутхуанэ лlэщlыгъуэм и кlэм мамлюк тепщэгъуэр мылъку и лъэныкъуэкlэ къызэрымыкlуэ щытыкlэ гугъу ихуат. Хэхъуэ зимыIэж хъарзынаIуэр зэриГъэпэщыжын папщlэ, Къанщауэ Гъур хэхыщlэхэр, къэрал ихьэпщlэхэр нэхъыбэ ищlат, псапэхуэщlэу зэрахьэ хэхъуанlэ гъэрхэр хэкум и мылъкум хигъэхьат. Ар зи гуапэ мыхъуа къулыкъущlэхэми цlыхубэми я мыарэзыныгъэр нэрылъагъут. Сулътlаным и Iуэху зехьэкlэ ткIийм ягъэщlыкlэ фейдэ къимыхьу къафIэщlащ, къекIуэкI хабзэм тету унафэм къыпэщlэувэхэмрэ ныкъуэхъуэхэмрэ къалащхьэм дагъэIэпхъуэкIмэ мынэхъыфIу пIэрэ жаригъэIэу. КъауГъэхэр зэпыуртэгъым. Къупыкъу зезыхьэхэм гурыщхъуэ зыхуамышI яхэттэкъым, илъэс нэхърэ нэхъыбэкlэ тепщэгъуэм щагъэлэжьаи къахэкlакъым. Зэрытеувэрэ илъэситкУ щрикъум, сулътlаныр традзыну зи мурад щlэпхъаджащlэ гуп аргуэру къаубыда нэужь, Къанщауэм и гур нэхъ загъэри, апщlондэху Каир къимышэу щlыпIэ пхыдза гуэрым щиIыгъа и щхьэгъусэр Чэщанэм къигъэIэпхъуауэ щытащ.

Къанщауэ Гъур адрей мамлюк сулътlанхэм нэхърэ мынэхъ мащlэу еIалIэрт сулътlаным и пщlэмрэ и Iулыджымрэ зыIэтыну Iуэхухэм. Диным зэрызыщlигъакъуэмрэ щэнхабзэм зэрыхэлэжьыхьымрэ и фIыгъэкlэ, абы Алыхьталэм фIэлIыкI, щlэныгъэр зи щIасэ сулътlану фэ къытеурат. Мылъкур бэгъуэн папщlэ зэхуигъэхъуа экономикэ зэхъуэкlыныгъэхэми къулыкъущlэхэм я зэнкъуэкъуэм кърикIуэ Iэуэльауэхэми нэхъ фагъуэ ящlэхъуэкIыртэкъым псапэу къаIэт Iуэху щхьэпэхэри, щlэхъщlэхьу къызэIуах мэжджыт лъагэхэри, еджапIэ телъыджжэхэри, тхылъ хъумапIэ бейхэри.

1503 гъэм и гъатхэм сулътlаным и унафэкlэ яуха мыдрисэ телъыджэ къызэIуахат. Абы теухауэ ар лаIэта тхьэпэIуэр жэщ псокlэ екIуэкlащ. Мыдрисэ унэр дахэу зэрызэпылъуахам зэриткъэкъуам къыдэкIуэу, къекIуэлIаХэр уэздыгъэ цIыкIуэхэмкlэ къэгъэнэхуа Iэнэхэм ятелъа ерыскъы берычэтыр ягъэщlагъуат. ИужькIэ сулътlаным мыдрисэм пэгъунэгъуу кхъэлэгъунэрэ псыутх зыхэт псыефапIэрэ хригъэщlыхьащ, 1503 гъэм абы мэжджытыщlэ щригъэухуащ.

Кьалэ лъапIэхэм хьэжыщ кIуэхэр зэкIуалIэ Акъабэ, Къанщауэ и унафэкlэ, гъуэгурыкIуэхэр зыщlэсынрэ быдапIэ зыбжанэрэ щапсыхьат. 1515 гъэм и бжьыкъэм Хъаирбек зи цlэ архитекторыр инженер, пхъащlэ, ухуакIуэ гуп и гъусэу Мэчэм кIуауэ щытащ гъуэгурыкIуэхэм папщlэ сымаджэщрэ екIуэлIапIэрэ иухуэну. Къинэмыщlауэ, абыхэм унафэ хуащlат Мэжджыт Лъапlэм и пщlантIэр мывэкlэ къращlыкIыну, Базан псыежэхым икIыу къалэм псы ирашэлIэну.

1506 гъэм и кIэм е 1507 гъэм ипэ дыдэм Щам кърашри мысыр къалащхьэм пхъэщхьэмыщхьэ жыгъэр, удэ гъагъэхэр, кокос пальмэхэр Чэщанэм и гупэм кърагъэтIысхэкIат. Ибн Ийас зэрыжиIэмкlэ, Къанщауэ Гъур жэрдэмыщlэхэм зыIэпишэрт икIи хадэщlэм къыщикIухьан фIэфIт. 1508 гъэм абы гуэл Iэрыщlрэ Iущыхьхэмрэ хащIыхьащ. 1513 гъэм сулътlаным унафэ ищlащ Каир псыутхыщlэхэр щыпхашыну.

Сулътlаныр ящыщт тхылъ зэдзэкlыныр, ахэр щIэрыщlэу кратахыкIожурэ къыдагъэкIыныр зыфIэигъуэ тепщэхэм. Къанщауэ цlэрыIуэщ мамлюк сэрейм щlэлъ Iэрытхэм сурэт япэу зэрахуригъэщlамкlэ. Езы сулътlаным и Iэдакъэ къыщlэкIауэ тхыгъитI хэIущIыщ. Мысыр щlэныгъэлI Аззам Абдулэзыхьэб а тхыгъэхэм щытопсэлъыхь 1941 гъэм утыку кърихьа лэжьыгъэм. Езым хуагъэфэща щытхъу усэм Къанщауэ усэбзэкlэ иритыжа жэуапыр Аль-Гъази Нэжмудин и биограф псалъалъэм къыщцхь.

Дание пащтыхьыгъуэм и тхылъ хъумапIэм щlэлъ Iэрытхэр фIыуэ хъума хуаькъым, и Iыхьэ гуэрхэр къыпхуихыркъым. Ар къизытыкIари, щатха илъэсри хэпльагъуКIыркъым. Тхьэмпэ плIыщlыр (тхылъымпIэ напэ къэс сатырибгъу тету) зи къуапэхэр хуэузщыныфэкlэ къэдыхьа европей тхылъымпIэ Iувыр и жинту зэкIэрышхащ. А теплъэщlэр Iэрытхым щигъуэтар Даниерауэ хуэгъэфэщагъуафIэщ. И дзакIэм «CRVIII» хьэрфкэр къыстенащ икIи тетхэщ. «Poëmata Sultani Kanzuh el-Gauri». Тхыгъэм хьэрфэешэгъэр псори тельщ, зэрытхар щакъэ фIыцIэщ, нэсхъ Iупщlщ, щакъэ плъыжьыми урохьэлIэ, псалъащхьэхэр дыщэпскlэ тхащ. Иужьрейм илъ ит усэм псалъащхьэ теткъым.

Тхылъым ит усэхэм я нэхъыбэр диным епхащ. Сулътlаным и цlэр къызыхэщ едзыгъуэ къэс ар Алыхьталэм фIэлIыкI муслъымэныфIу, фIэщхъуныгъэ куу зыбгъэдэлъ къэрал тепщэу уи нэгу къыщlегъэхьэ. Едзыгъуэ щхьэхуэзэм суфийхэм я усэ гъэщlэрэщlэкlэ Iэмалхэм уащрохьэлIэ:

1. Тепщэр Уэращ, Іуммэтри Ууейщ,
Гъуурийуэ Уи тхьэмыщкlэм ныббгъэделъхьэ
Къыlэщlалъхьа сулътlан пщэрылъыр...

2. И Тхьэм йолъэIу Гъуурийр,
Сыт хуэдэ Iуэху къыхукъуэкlми,
Пащтыхь ящlащ ар,
Ауэ Лъагэуэ ЛъапIэм и пщылIу къэнащ.

3. Къадэlэпыкъу къыпщыгугъхэмрэ
Уи пщылI Гъуурийрэ;
Уи нэфIыр псэм и плъапIэщ...

4. Iэшрэф Гъуурий дзэр зэригъэпэщащ,
Щlэтщ зауэлIхэр сулътlаным и унафэм;

5. Тхьэм и Нэхур илъагъуну пIэрэ Гъуурий?
Арат ар зыщlэхъуэпсыр
Пащтыхьыгъуэм тахъгъэми хуемыплъэкlыу.

6. ПсэкIэ чэфщ Гъуурий,
Гур зыгъафIэ а махъсымэ IэфIым елубащи...

7. Сулътlан тахтъэм ис Гъуурий щыхьэту къоув
Нэхур пащтыхьыгъуэм зэрефIэкlымкlэ.

8. Купщlэ щlэлъщ Гъуурий и усыгъэм,
Гум кьинэжьынущ;
Абы ещхь усакIуэ дапщэ тета мы дунейм,
Иджы зыми я цlэр имыщlэжу.

9. Къаруунэщэ Уи пщылI Гъуурий,
Гур фIагъэкIуэдащ къыlэщlэщIа гуэныхьхэм;
Гущlэгъубэм къолъэIу и псэкIуэдхэр
хуэбгъэгъуну!

10. Гъуурийуэ Уи пщылIыр езыр гу Iувкъым:
Зэпыукъым абы Тхьэм фIэлIыкIыу щIигъэкI
и нэпсхэр;

11. ФIыгъуэр зыугуэшым Уи гущlэгъум щогугъ,
Къагъэщlахэм я нэхъ Iейм
Щыпхъумэну мэлъаIуэ;

12. Псэкlэ зыныуитащ Гъуурийуэ уи пщылIым,
И гупрэ къыхуэбгъуат. Сулътlаным и Iуэху зехьэкlэ ткIийм апэщlыкlэ фейдэ къимыхьу къафIэщlащ,

14. Тхьэуэ Лъэщым йолъэIу Гъуурий
И псэкIуэдхэр хуигъэгъуну;

15. Абы и унафэр егъэзащlэ,
ФIыщlэ хуещI, и щытхъури еIэт;

16. Уэращ щыуагъэхэр зыгъэзэкIуэжыр,
Гъуурийр узыгъэпэж уи пщылIщ;

17. Гуфlэгъуэ Iэджэм щlэлъэIуу щыта Гъуурийм
Иджы Уи дэж екIуэлIапIэ къыщlелъыхъуэ;

18. Алыхьырщ Гъуурий зыхуэныкъуэр,
Абы жиIэр фIэзахуэщ,
И унафэм щlодэIу,
И щlыхьэпIэм деж Iутщ;

19. Зэхэх и тхьэлъэIур
Тобэ къэзыхьыжа уи пщылI Гъуурий!

20. Гъуурийуэ уи пщылI тхьэджэм
Сыту фIы куэд Iэрыхьат Уэ Уи тыгъэу!

21. Бзэгукlи гукlи
ФIыщlэ хуещI и Тхьэм Гъуурий,
Псэкlуэдхэм щыщтэр
Тхьэм и гущlэгъуэм зыкъуедэз;

22. Гъуурий и псэм телъ бжьыгъэр
тригъэкIыжыну хуейщ,
Гущlэгъубэм йолъэIу зыхуигъэгъуахэм яхибжэну;

23. Щыхъумэ залымыгъэм
Уи пщылI Гъуурий,
И чэзур къэсмэ!

24. ЩифIэщщ Гъуурий и фIылъагъум,
Ар и гъусэщ Алыхьталэм щыгугъхэм,
Тхьэм и пщылIхэм яхэткъым
абыхэм нэхърэ нэхъ лъэщ;

25. Уи щабагъым щогугъ Гъуурийр,
Къэпхъумэну мэлъаIуэ...
ФIыщlэр гу къабзэкlэ еIэт;

26. Гущlэгъуэм хиубыдэнырщ абы и плъапIэр,
КъыдэIэпыкъу, ди Тхьэ, гъуэгу захуэм
темыгъуэщыкIынкlэ;

27. Уи пщылI Гъуурийр мэкIэзыз,
Гъаэз имыIэу зэринэкlащ абы и псэкIуэдхэр;

28. Зиусхьэныр арэзы къыхуэхъуну
Мэгугъэ абы и пщылI Гъуурий;

29. Уи пщылI Гъуурий щlегъуэжри къигъэзэжащ,
И щlыб яхуигъэзэпащ абы и гуэныхьхэм;

30. Гъуэгу захуэм тету шэ пщылI Гъуурий,
Тхьэм и нэфIыр тыгъэ абы къыхуэщlI;

31. Мы дунейми адрейми
Псори щызезыгъакIуэм
И гъащlэр Iэщlелъхьэ Гъуурий,
Хуэарэзыщ Алыхь учнфэм;

32. Пэlэщlэ щlы и щыуагъэхэм Гъуурий
Уи пащхьэ ныщихьэжкlэ...

33. Уэ ди Тхьэ! Мыр жызыIэр Гъуурийщ...

34. Уэ Гущабэ! Уи пщылI Гъуурий
Пщlыхьэпlэ къыхуэбгъэкIуэну мэлъаIуэ;

35. Сэ, Гъуурий - пщылIыр
Сыпхуэжьыlэщlэщ, схуэбгъэгъуну солъаIуэ;

36. Щыхьэту къоув Уи пщылIыр
Уэ Узэрызакъуэмкlэ...

37. ФIылъагъум щифIэщщ Гъуурий
Игукlи, и гукъэкIэмкlи;

38. Ищlахэр къабылу Iахынкlэ
Мэгугъэ Гъуурий,
Хуэкъабзэщ абы и гур Алыхьу къэзыгъэщlам;

39. Сэ - Аль Iэшрэф Гъуурий - пщылIыр
Пщылlхэм я Тхьэм солъэIу си натlэ
итым сыхуигъэзэну;

40. Сытри зигу пыкI! Уэ къызэптащ
Уи Унэмрэ ЩIынальэ ЛъапIэмрэ
сахуэпщылIын къалэныр,
Пащтыхьыгъуэри къъсlэщlэплъхьащ...

41. Хуэхъу Абы дэIэпыкъуэгъу, Гъуурий;

42. Уа, пщылIхэм ящlI! Уи пщылI Гъуурий
Иджы щылIалъэхэм я нэхъыфIым хуопабгъэ,
Щхьэщыжакlуэм деж, и чэзур къэсмэ,
екIуэлIэжыну.

Гъуурийр муслъымэн Iэсэу, зи гупсысэхэр псори Тхьэм хуэгъэза, зи Iуэхущlафэхэр цIыхубэм ифI зыхэлъ къэрал унафэщlу къыхощ мы сатырхэм. Аращ мыхьэнэ нэхъыщхьэу мы усэхэми, ахэр гу лъымытащэу зэзыпх щlа-гъыбзэми къыхэбджыкIыр. Суфийхэм я гугъу зэрищlым къегъэпльагъуэ абыхэм мамлюк жылагъуэм увыпIэшхуэ щагъубыду зэрыщытар. Мамлюк сулътlанхэм ущиякIуэхэм папщlэ хэщlапIэ куэд ихуащ, абыхэм пашэ яхуэхъунур нэхъыбэм езыхэм къагъэлъагъуэрт. Апхуэдэ хэщlапIэхэм щагъасэ зауэлIхэм папщlи псэупIэ щыхагъэщхьэхукI къэхъурт, псалъэм папщlэ, Бейбарс ЕтIуанэм иухуахэм ещхьу. Езы Къанщауэ Гъур хъэлуэтийэ суфий къудамэм и ялрэй зэхуэсыпIэр къызэзыгъэпэща Гюльшеи Ибрэхьим (1534 гъэм дунейм ехыжащ) зыщlигъакъуэу щытащ. 1516 гъэм, Мардж Дэбикъ деж мамлюкхэр уэсмэнхэм щапэщlэува зауэзэрылI нэхъ иным илъ къихуэу, Къанщауэ Гъур бэдэуийэ, къадириийэ, рифахьийэ къудамэхэм я ущиякIуэхэр дэщlыгъуу и дзэхэр къызэхикIухауэ щытащ.

Сулътlаным и зауэлIхэмрэ и пщылIхэмрэ я гугъу щещlэ усэ тхылъым и ялрэ напэкlэуэцlхэм:

Си зауэлIхэр зыгу зы щхьэу зэкъуэгъэувэ,
Къабзэрэ Iупщlу щрет абыхэм я плъапIэхэр;
ПщIыкlэ ди ужь къихьахэр зэтекъути гъэкIуэд,
Хахуэм, пэжым, лIыгъэ зыхэлъым
И лъэр гъэбыда;
ЩIэгъэт ахэр си жьауэм,
Ахэращ хэкум и гугъри и хъумакIуэри;
Закъытеубгъуи къалъыгъэс абыхэм
Лъагэу зыIэтын екъулIэныгъэ;
Псом ялейуэ хэкур зыщыгугъхэм,
Псапэр я Iэпэгъуу, ухыгъэм и пащхьэ итхэм.
ЩIэтщ дзэр унафэм,
Псори къытхуэпэжщ, псори зэрылIыгъщ.
Ди къуэхэм хуэдэу долъагъу, зэхэгъэж дымыщlу;
Алыхьым къихъумэ, я зэкъуэтныгъэм хэмыщlу;
Гури псэри егъэнщI фIылъагъуу яхуэиIэм,
Гуфlэгъуэкlэ Тхьэм дызэхуишэсыж.
Ящыщ дэтхэнэри ди къуэшщ,
Блыным хуэдэу мыланджэу хэкур яхъумэ,
Я къарур трагъэкIуадэ;
ТекIуэныгъэр зи Iэпэгъу ди шуудзэм
И шу къэс пэжкlэ къыдбгъэдэтщ,
Зыми гурыщхъуэ хуэдмыщlу.
Ныбжьыфlэ къэс ди адэщ; лIыкур ди шынэхъыжьщ,
Нэхъыщlэ псори ди бын пэлъытэщ.

МЫ ИЩХЬЭКlЭ къэтхьа сатырхэм мамлюк жылагъуэри, сулътlан унафэри, зауэлI текIуэныгъэри зи Iэпэгъу хабзэхэр къагъэлъагъуэ. А хабзэ лъагэхэм мамлюкхэр пэlэщlэ хъуху, жьералым къыщыхъу зэрызехьэхэри нэхъ шынагъуэ хъурт, сулътlаным и унафэми, и гъащlэ дыдэми куэд ямыкIужьныфэ къытеуэу. Дзэм зэкъуэтыныгъэр зэрыфIэкIуэдамрэ уэсмэнхэм ягухьа дзэпщыр кьаззрепцIыжьамрэщ щхьэусыгъуэ хуэхъуар мамлюкхэр Дэбикъ губгъуэм зэрыщызэхакъутами Къанщауэ Гъур сулътlаныр зэрауклами.

Данием и пащтыхь тхылъ хъумапIэм щlэлъ тхылъ Iэрытхым ит усэхэр мамлюкхэм я усыгъэм и щапхъэ гъуэтыгъуейщ. «Муашшахъ» тхыкIэкlэ зэхэлъхьа абы ит къащидзэхэмрэ усэ гъэпсахэмрэ уи фIэщ ящI мамлюкхэм я щэнхабзэмрэ я цIыхубэ зэхэтыкlэмрэ бджын папщlэ, «Къанщауэ Гъур и Диваныр» мыхьэнэшхуэ зиIэ тхылъу зэрыщытыр.

Зыгъэхьэзырар
ЧЭРИМ Марианнэщ.

Къанщауэ Гъур и шууейхэр бийм йобгъэрыкIуэ. *1506 гъэ*

[1]*Джэмдар - сулътlаным и щыгъыным кlэлъыплъ;*

● Адыгэ шхыныгъуэхэр

Сэкуу (хугу гъэлыгъуа)

Хугу лъэсар кхъуэанэм тракІутэри, зэкІэрыщэщ хъуху ягъэгъущ. Шыуаным тхъу щахуэ, фІыуэ къагъэплъри, хугур абы иракІутэ, чымчыркІэ зэІащІэурэ тхъуэплъ дахэ хъухукІэ ягъэлыгъуэ. Хугур Іувыщэу шыуаным иракІутэркъым, зэхэлгъуклІынукъыми; мафІэри ин ящІыркъым, мылыгъуэурэ исынущи. Хугу лыгъуар тІэуащэ щІагъэпщ кхъэпІэ кхъэжмынэжьхуКІи, шыгуным къэкъуалъэу ит шэ щІэмыхум хакІутэ. Абы шыгъу е фошыгъу, щхьэж зэрыфІэфЫм хуэдэу, хадзэж. Хугур хакІута нэужь, шэр зэ кстыргъэкъуэлъэж, чымчыркІэ зэІащІэурэ. ИтІанэ шыгуныр мафІэм къытрахыжри, и щхьэр тепІауэ сыхьэтищ-плІыкІэ щагъэтщ. Щыта нэужь хугум шэуэ щІэтыр зыщІеф, езыр къэпІэнкІауэ, зэкІэрыщэщу мэхъу. Шыгуныр щІыІапІэ ягъэув. Мыр хуабжьу къэуатщ икІи шхыгъуафІэщ, щашхыр гъэмахуэ шылэрщ. ЦІыхубз, сабий шхыну ябж. Хугу пІэнкІар щашхынум и деж и лъабжьэм щІэмыІэбэу пхъэ бжэмыщхкІэ е чымчыркІэ къытрах, ар фалъэ иракІутэри, шхурэ шатэрэ щІэкІауэ яшх. Хугу пІэнкІар апхуэдизкІэ къэуатщи, ар зышхар махуэ хуабэ кІыхьым мэжалІэркъым, псы хуэлІэркъым.

Халъхьэхэр *(цІыхуитху Іыхьэ):*

Хугу гъэлыгъуаэ - г 260-рэ, шэуэ - г 900, фошыгъуу - г 60, тхъууэ - г 25-рэ, шхууэ, шатэу - узыхуейм хуэдизу.

Гуэдз хьэжыгъэм къыхэщІыкІа хьэлІамэ цІывынэ

Гуэдз хьэжыгъэр яхуэнщІ пІинэ кІыщІу, и щыгум кумб хуащІри, джэдыкІэ уда, шыгу зыхэлъ псы хуабэ иракІэри, тхъэвыр быдзэу ящщ. Абы и щхьэр темыгъуклІн щхьэкІэ гуэдз хьэжыгъэ тІэкІу траудэ е хъыдан трапхъэри, дакъикъэ 20 - 25-кІэ щагъэт, тхъэвыр нэхъ щабэ хъун, зэхэшыпсыхьын щхьэкІэ. ИтІанэ тхъэвыр нэхъ хуГуафІэ ящІын папщІэ Іыхьэ-Іыхьэурэ зэпаупщІри, см 2 и гъумагъыу псыгъуэ кІыхьу яху. Абы г 15 - 20 хъууэ тыкъыр цІыкІухэр кхъыпаупщІ. КъыпаупщІахэр Іэпхъуамбищ кІэ тІэкІу хапІытаурэ къаштэри, псы е лэпс къэкъуалъэ зэрыт шыуаным хадзэри, зэІащІэурэ дакъикъэ 15 - 16-кІэ ягъавз. ХьэлІамэ цІывынэр чымчыркІэ къыхахьж, фалъэм иралъхъэри, зэкІэрымпщІэн щхьэкІэ, тхъуцІынэ е лэпсым щыщ тракІэ. Іэнэм щытрагъэувэкІэ хьэлІамэ цІывынэр тепщэчым иралъхъэ, къазыл е бабыщыл гъэва тралъхьэжри, пщтыру бжьыныкъу шыпс тракІэж.

Халъхьэхэр *(зы цІыху Іыхьэ):*

Гуэдз хьэжыгъэу - г 200, псыуэ - г 70, джэдыкІэу - 1, шыгъуу - узыхуейм хуэдиз, цІывынэр зэрагъэвэну псыуэ - г 1150-рэ, тхъуцІынэу - г 10, бжьыныкъу шыпсу - узыхуейм хуэдиз.

«Адыгэ шхынхэр» тхыльым къитхыжащ.

● Ди сурэт гъэтІылъыгъэхэр

Мы махуэхэм илъэс 90 ирокъу Къэбэрдей-Балъкъэр щІэныгъэ-къэхутакІуэ институтыр. Абы илъэс куэдкІэ щылэжьахэщ филологие щІэныгъэхэм я кандидатхэу Багъ Пётррэ Іутіыж Борисрэ.ТІури ІэщІагъэлІ щыхъуар Куржы академием и аспирантурэрщ. Нэхъыжьхэм къащхьэщытщ нобэ адыгэбзэ къудамэм и унафэщІ, филологие щІэныгъэхэм я доктор БищІо Борис. Ижьымкіэ щысыр Бэрбэч Беслъэнщ *(иджы ар КъБКъУ-м и доцентщ).*

Сурэтыр 1987 гъэм трахащ.

● Фи лъэІукІэ

Къызжа Іэр уи нэхэм нэгъуэщІщ

Макъамэр - **СОГУЭ Данил,**
псалъэхэр - **САУТ СулътІан**

Къыщо Іур пшынэбзэ къуажапщэм,
Къашауэ гуфІэгъуэр яІэт.
Къеплъыхьми гуфІэжу мазэщІэр,
Нэщхьейуэ уэрамым сыдэтщ.

А пшынэм куэд сигу къегъэкІыж -
Гупсысэхэм жьыжьэ сахьыж,
Гум телъ уЭгъэр къонтэж,
БлэкІар си нэгу къыщІоуэжж.

ДиІащ дэ тІум щІалэгъуэ дахэ:
КъыщІепсыр дыгъэр дэру тфІэщІт,
Дызэхуэмыдэу дэкІмэ махуэ
Дигу зэхуэкъабзэхэр тфІыхэщІт.

Иджы услъагъумэ зэзэмызэ,
УщІегъуэжауэ щэч согъэщІ:
Унасыпыф Іэу къысфІэбгъэщІми,
Къызжа Іэр уи нэхэм нэгъуэщІщ.

ДэкІащ алъандэм илъэс Іэджэ -
Щэрэдж ипс мащІи екэха ...
Имыхуэу си бгъэм гур къысфІочэ:
Нэгъуэщ Іуэ псэгъуу къыхэпхащ.

● Псалъэ Іущэр

Данэр лъапэкІэ зэрехуэ

♦**Мыщхьэх дахащІэщ.**
♦**Хуэмыху и Іэху блэкІыркъым.**
♦**Набдзэ ищІ фІэщІурэ, нэр иришІащ.**
♦**Хьуымылъхьэ къыхэпхыжыркъым.**
♦**Хъуэжэ лІыщІэ къиштэри, лЫщІакІуэ ежьэжащ.**
♦**Іэмбатищэ нэхърэ - зы гъущагъэ.**
♦**Гуащэрэ пэт, къаз дахэ.**
♦**Лэгъупыр нэкІэ къегъавэ.**
♦**Насыпыр щагуэшым дурэшым дэсащ.**
♦**Данэр лъапэкІэ зэрехуэ.**
♦**Щынащхьэплъагъумэ - гъэмахуэщи, Іэтащхьэ плъагъумэ - щІымахуэщ.**
♦**Іэтэр Іэмбатэ щхьэкІэ мэфыж.**
♦**Хьэмтетыгъуэ гъаблэ щыІэкъым.**
♦**Джатэрыпщ нэхърэ - пщы Іущабэ.**
♦**Жылэм я мыгъуэ я гъуощ.**
♦**Уэркъым и жьэ и щІопщщ, ипщ хуэдэр и джатэщ.**
♦**Зи вакъэ зэврэ зи гъавэ мащІэрэ.**
♦**И дзыгъуэ лъыпэ къокІ.**
♦**Насыпыншэм, махъшэм тесми, хьэ къодзакъэ.**
♦**Уаерэ пщаерэ куэд якІуркъым.**
♦**Уэрэдус пщыпсэІухщ.**
♦**Дыгъужьыр бгъашхэ пэтми, мэзымкІэ маплъэ.**
♦**Къигъэ нэхърэ - игъыкІ.**
♦**ЛІыгъэ щІапІэ лІы икІуадэркъым.**
♦**МафІэм сахуэ ещІри, дзэм шхахуэ ищІыркъым.**

● Фэ фщІэрэ?

Дэ купщІэ гъэлыгъуар сэбэпщ

диих, нэхъ гъур уещІ, лъыри егъэкъабзэ.

* * *

Дэ купщІэ гъэлыгъуа пшхымэ, уи кІэтІийхэр егъэкъабзэ.

КЪУБАТИЙ Борис.

Махъсымэ, мэрэмэжьей щащІкІэ къэна кІэрыхубжьэрыухэри адыгэм къигъэсэбэпу щытащ: къапщтэмэ, ахэр я напэм щахуэрти, кІэрагъэлъырт, дахэ ещІ, нэкІу кИльэлъыр егъэкІуэд жаІэрти. Абы нэмыщІ, псы хуабэкІэ зэІыпхъыу зрибгъэпскІыныу сэбэпышхуэщ.

* * *

Жьэн уз зыпкърытхэм, зи тхьэмбылым щІыІэ хыхьахэм я дежкІэ сэбэпышхуэщ кІытэ защІэкІэ щІа махъсымэ ефэну, абы нэмыщІ, нэкІу зэлъахэм зрегъэукъуэ-

Псалъэзэблэдз

ЕкІуэкІыу: **5.** ЕгъэджакІуэ, Социалист Лэжьыгъэм и ЛІыхъужь. **6.** Зи щхьэкІэр хъурей къэкІыгъэ. **8.** Шым и фэ, и теплъэ. **9.** Псы ... е уэшх ... **12.** Къуэм и щхьэгъусэ. **13.** Щыгъыным хищІэ хьэпІащІэ къэзыльэтыхь. **14.** Гурэ гурэ ... зэхуаІэщ. **16.** Щыуэлбанэм деж цІыхум къыздрихьэкІ хабзэщ. **18.** Іэщ егъэзыпІэ. **20.** Ди щынэлъэм щыІэ псыежэж. **22.** Ди гъунэгъум шы ... иІэщ. **23.** Къуаншагъэ зылэжьа цІыху. **24.** Мэш хьэуазэ. **25.** ... хуэмыфІ хьэдрыхэ кІуэрэкъым. **26.** Пхъэ уадэшхуэ. **29.** ... и щІагъ нанэ щыІэкъым. **30.** Псалъэ ... е мэкъу ... **32.** ЩІакхъуапхъэ. **33.** Бдзэжьей зэрещэ. **34.** Кхъуей ... **36.** ХадзэкІ. **37.** Бын. **38.** Нарт хъыбархэм хэт Іэщым и ТхьэІ. **40.** КъурІэн цІыкІу. **42.** Школым кІуэ щІалэ цІыкІум зегъэщІагъуэ: «Сэ фЫ дыдэу ...». **43.** ЛожьакІуэфІым ... лъапІэ ираташ. **44.** Псыежэхым и къудамэ.

Къехыу: **1.** ЩІы щхьэфэ тещтыкІа. **2.** Тхылъым и «джанэ». **3.** Нэхъапэхэм хабзэншагъэ зылэжьам тралъхьа тезырыр щрихьэкІыу щыта мащэ куу. **4.** ТхъуцІынэ щІэпхумэ, къанэ псыр. **5.** ЕджакІуэми сурэтыщІми ар къагъэсэбэп. **7.** Ди унэ зэтетым щІэс унагъуэхэмрэ дыдеймрэ щІэх дыдэ ... дызэхуэхъуащ. **10.** ЩоджэнцІыкІу Алий и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и джэгуакІуэ тельыджэу щыта, и цІыхубз усакІуэ, «Іуащхьмахуэ» журналым и лэжьакІуэу щыта. **28.** Шэрэдж щІынальэм щыщ балъкъэр къуажэ. **30.** Хьэкум жьэражьэу илъщ. **31.** Улажьэмэ, ... пшынщ, умылажьэмэ, лажьэ бгъуэтынщ. **35.** Ахъшэ жьгъей. **36.** Іэуху мыублэ ... хэсщ. **39.** КъэзышагъащІэ. **40.** Къурыкъу, бжэгъу кІыхь. **41.** Адыгэ цІыхубзхэм яду щыта тутынылъэ. **42.** ЦІэрыІуэ хъуа адыгэ уэрэд зыкъомым макъамэ щІэзыльхъа ... Данил.

Зэхэзылъхьар
МЫЗ Ахьмэдщ.



Жэлуэгъуэм и 1-м ди газетым ета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:

ЕкІуэкІыу: **1.** Къута. **5.** Кумб. **7.** Индонезие. **9.** Мест. **10.** Хъущт. **11.** Танэ. **12.** Хъуп. **15.** Гъуо. **16.** Гунэдж. **17.** Сыхъум. **22.** Жьыхъ. **24.** Пхъэщабэ. **25.** Усэ. **26.** КІуэш. **27.** Мейкъуапэ. **30.** Мет. **34.** Урыкъ. **35.** Дыгъужь. **37.** Ду. **39.** Хьэ. **40.** Сэмб. **42.** Ауз. **43.** ШыкІэ. **44.** Пхъэлъантхъуэ. **45.** Івщ. **46.** Бжьы.

Къехыу: **2.** Тхьэмпэ. **3.** Инат. **4.** Бинт. **6.** Мазэгъуэ. **8.** Нащэ. **13.** КІэпхъ. **14.** ЩІыІуб. **16.** Гуль. **18.** Мы. **19.** Бжьакъуэ. **20.** Пщыкъуэ. **21.** КІэнтхъ. **23.** Хуэш. **25.** Уэм. **28.** Ерыщ. **29.** Псыжь. **31.** Бу. **32.** Кхъужь. **33.** Суслов. **36.** Щхьэмыж. **38.** Куба. **41.** Бахъэ. **43.** Шыхъуэ.

Нэтемыгъахуэм иращІэкІ тхьэлъэІу

● Хабзэм щыщщ

Шыр къыщыхъуа жэщым унагъуэм тхьэлъэІу щащІырт. ЩышІэ къалъхуам и цІэкІэ унагъуэ кІуэцІым щаІэт тхьэлъэІуитІым языхэзщ ар. Адыгэр зэтауэ щыта мэкъумэш, Іэщ гъэхъун хуэІухуэщІэхэм дауэдапщэхэр зэраублэу щыта унагъуэ тхьэлъэІухэм къаззрыщхьэщкІ щыІэкъым мыри. Ауэ къыхэгъэщын хуейуэ Іуэхугъуэ зы-тІущ хэлъщи, абыхэм даблэкІынкъым.

ШЫЩІЭР зыхуагъэфащэ щауэщІэ унагъуэм исмэ, абы япэщІыкІэ зрагъэгъэпскІырт, Іащхьэбжьэ хуэдиз хъун башым къешэкІа хъыданым жьэгу мафІэм и кІэгъуасэм щыщ и Іэкіэ абы щрагъэщІэлъырти, иужькІэ ар шы натІэмрэ шы тхыцІэмрэ щрагъэхуэжырт. Абы зэреджэр нэтемыгъахуэ тхыгъэщ. Нэтемыгъахуэр шыщІэм щытращІэр дунейм къызэрытехьэрэ махуиий ирикъуа нэужьщ. Унагъуэм исхэм фІэкІа хамэ кхрихьэлІэрхъым абы. Шы гъэхъунымрэ ІэщІагъэ зыхуэхъуа лъэпкъхэм унейуэ, щхьэжейуэ зэрахьэу щытащ апхуэдэ нэтемыгъахуэ тхыгъэхэр. ХьэтІохъущыкъуей Ипщэ щыщ Щоджэнхэ я лъэпкъым шыщІэм тращІэу щыта нэтемыгъахуэ тхыгъэм и теплъэм къытекІауэ «хьэгъэджэгу бжьихь» жаІэу щытащ.

Щапхъэ къэтхъар нэгъуэщІ зы Іуэхугъуэм етпхыну дыхуейт. Дунейм къытехьа сабийр гущэм хапхэху нэ лей трагъаплъэртэкъым. Арагъэнт гущэхэпхэ щащІ махуэм зыщІрамыгъэІэтыщэри, гъунэгъу фызыжь зыплІытху нэхъыбэ къыщІэрамыгъэблагъэри. ГущапІэ зыхуащІа сабийр хъыдан жэрумэм кІуэцІалъхьэн ипэ къихуэу гущэхэпхэ тын жаІэрти, хэти дзыгъуэ джанэ, хэти гущэ щхьэнтэтелъ, хэти гущэгурыгъ кърахьэлІэрт. Абы иужькІэ хъыдан жэрумэм сабийр кІуэцІалъхьэрти, гущэм хапхэрт. «Фэм и щабэр мэхъуэщщ, махуэ ёянэм хокІ» жаІэрти, а гущэхэпхэ махуэрат нэтемыгъахуэр сабийм тепщІэ хъунэу къышщалъытэр. Щабэ дыдэу, сакъыурэ натІэкум хуэзэу кІэгъуасэр щахуэрт. ГъэщІагъэуэныракъэ, тещІэкІэхэр зэтехуэркъым. Хэти Іэпхъуамбэшхуэм и щабэр щхьэкум хуэгъэзауэ кІэгъуасапІэр хуэкІыхьхъуэкІыхьу тещІэ, хэти а Іэпхъуамбэшхуэ дыдэр натІэкум хуегъазэри, кІэІунэ теплъэ иІэу тещІэ, хэти зыгъэлъагъуэ Іэпхъуамбэмкіэ кІэІуантІэу тещІэ, хэти кхъыхэщ къудейуэ Іэпхъуамбэ жьакІэмкІэ хъуреишхуэ тещІэ. Уегупсыс хъунут, щхьэж зэрыхуэІэижьхьым хуэздэущ нэтемыгъахуэр зэрытрищІэр жьпІэу. Арщхьэкіэ ныуэжьхэм жаІэу зэхэпхынут: «Нанэ мыгъуэр лъаІуэу щытащ си лъабзэрэ нэтемыгъахуэрэ фымыгъэкІуэд, кхъыІэ, абы фыкІэлъыплъ» жаІэу. Мыбдеж къыщыхъури, шыщІэм тращІэ тхыгъэри зы гупсысэм и Іэужьу къэпІытэ хъуну тфІощІ. Абы иджыри къокІ лъэпкъ щэн яхуэхъужауэ куэдым нэтемыгъахуэ тхыпхъэхэр щхьэжейуэ яІэу зэрыщытар.

Нэтемыгъахуэр тращІэу унагъуэр жьэгум къекІуэлІэжа нэужьщ, абы и щыхьклІэ Іэнэ щагъэувыр. Унагъуэм и нэхъыжьым и гупэр жьэгум и пащхьэмкІэ егъазэ, тхьэлъэІу шхыну ягъэхьэзыра ху мэжаджэм щыщ бзыгъэ Іэ ижькІэ къещтэри, мэхъуахъуэ. Абы зэреджэр шым и нэтемыгъахуэ хъуэхъуэщ:

Ди Тхьэ, Тхьэшхуэ,
Куэдыр зи гуащІэ,
Псэущхьэ зи щхьэ дгъэлъапІэр
Къэгъэхъу щолэхъуу,
И щхьэр игъэкІыу,
И кІэр игъэпщу,
И лъэр псынщІэу,
КІуэрыкІуэныфІэу,
И жэр хэмыщІу,
ЩыщІагъ имыІэу,
Къыумыгъапщэ нэ жагъуэ,
Хуэщі пэІэщІэ нэ бзаджэм,
И махуэр хуэщІэрэ
И дунейр щІэщыгъуэ зэпыту,
ФІыуэ трагъуэр къехъулІэу
щыгъэІэ!

Хъуэхъум иужь мэжаджэ бзыгъэм щыщ зы дзэкъэгъуэ хегъэщІ, абы щыщ Іыхьи адрей щытхэм зыІуагъахуэ. Лъабжьэ зиІэ тепльэгъуэщ мыр: мэжаджэм щыщ дзэкъэгъуэ зыІугъэхуэныр сыт хуэдэ дауэдапщэ Іэнэми хабзэу хэльащ. Абы куэд тратхыхьащ, куэди тепсэлъыхьыгъащ.

Шым и щІкІэ етІуанэу унагъуэр жьэгу пащхьэм къыщыщІыззхуэсынур щыр зекІуэ хъурэ зекІуэр къыщыхуагъэфащэм дежщ.

ТАБЫЩ Мурат.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФІЫЦІЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр

ЖьэкІэмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ - жэуап зыхь секретарь), **Жылаэ Зэрбий** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къардэн Маритэ, НэщІэпыджэ Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, ЩхьэщэмыщІ Иэз.**

Езыгъэтхахэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ иратэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкІэмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ ІуэхуэхэмкІэ - 42-22-86; кхуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхьуэ Іуэхуэ Іапі эхэм ядэлэжьэныкІэ - 42-60-53; хъыбарыщІэхэмкІэ, спортымрэ письмохэмкІэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 40-15-31; зэдзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 40-69-32; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер ІэнатІэм - 42-26-41; суэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжьыгъэхэм, къыщыІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкІэ аэр зытхаэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху еплъыкІэр зэтехуэ зэпыту щытхъым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъу КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм. Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 1994 гъэм мэкъуауэгъуэм и 14-м Печатым и хуитныгъэр хъумэныкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ Іуэхущ Іапі эм №Н-0065-м щІэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокІ.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ. КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

Мы къыдэкІыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Къаншокъуэ Элэ,** *редактору* **Къумахуэ Аслъэн,** *корректорхэу* **Щоджэн Инэ** *(1, 2-нэ нап.),* **Щоджэн Заирэ** *(3, 4-нэ нап.). КомпьютеркІэ газетым и тепльэр ящІащ* **Дол Мариэ, Ныр Саидэ, Щомахуэ Марианэ, Бещто Оксанэ,** *суэттхэм елэжьар* **Бищу Жаннэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер ІэнатІэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ траддэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 3.414 ● Заказ №1568